



Resous pou Pasyan Selil Lenfosit T CAR ak Moun Kap Bay Swen



Si ou menm oswa yon moun ou konnen ap resevwa terapi selil lenfosit T CAR (lenfosit T CAR reseptè antigenik chimerik), American Cancer Society (ACS) ofri enfòmasyon ak sipò nan chak etap pakou pou lite kont kansè an.



Lè w bezwen enfòmasyon sou kansè

ACS ofri resous ki ka ede reponn kesyon w sou terapi selil lenfosit T CAR, efè segondè yo, ak plis ankò. Gen kèk resous ki disponib sèlman an Angle e an Espanyòl.

Cancer.org

Sit entènèt nou, **cancer.org**, se yon sous trè fyab ak enfòmasyon egzat, ki baze sou prèv, pou moun k ap fè fas a kansè, fanmi yo, ak moun k ap pran swen yo. Sou cancer.org, ou pral jwenn resous, ki gen ladan:

- **Terapi selil lenfosit T CAR ak Efè Segondè li yo:** Aprann sou tretman an, kijan li fonksyone, kijan tretman an ye, ak ki efè segondè ki ka rive.
- **Zouti pou Swen kont Kansè:** Aksede ak yon koleksyon resous ki bay enfòmasyon sou kansè ak fich swivi pou randevou, medikaman, efè segondè, ak plis ankò.
- **Gid Resous Pou Moun K ap Bay Swen:** Aprann kijan pou w pran swen tèt ou kòm yon moun k ap bay swen, konprann pi byen sa pwòch ou an ap travèse, devlope konpetans pou adapte w ak pran swen, epi pran etap pou ede w pwoteje sante w ak byennèt ou.
- **Zouti ak resous pou siviv:** Chèche konnen kijan moun ki gen kansè ka rete aktif epi an sante pandan ak apre tretman an.

Liy asistans 24 sou 24 /7 jou sou 7

Liy asistans nou an **1-800-227-2345** founi sipò 24 sou 24 /7 jou sou 7 lè li mete w an kontak ak espesyalis ki fòme pou enfòmasyon kansè. Pou bay enfòmasyon egzat, ajou sou kansè. Yo kapab mete w an kontak ak pwogram epi sèvis ACS yo. Èd yo disponib nan plis pase 200 lang atravè yon sèvis tradiksyon. Liy èd la disponib tou nan lang Angle atravè **Chat an dirèk** nan jou travay soti 7 a.m. pou rive 6:30 p.m. CT.

Eskane pou plis enfòmasyon ak pou jwenn aksè ak chat an dirèk atravè liy asistans kansè ACS la.





Lè ou menm oswa yon pwòch bezwen èd pou jwenn swen

Sejou lopital ak vizit regilye ka rann ou menm ak pwòch ou rete lwen kay ou. Pwogram ak sèvis ACS yo ka ede w oswa pwòch ou pandan tretman an si w bezwen yon woulib, yon kote pou rete, oswa aksè a lòt resous.

Road To Recovery® – Transpò gratis pou al nan tretman

Pwogram Road To Recovery nou an ofri moun ki gen kansè – ak moun k ap pran swen yo, si sa nesèsè – transpò gratis pou randevou medikal ki gen rapò ak kansè, chofè volontè ki resevwa Fòmasyon ofri tan yo pou ede moun ki gen kansè yo ale ak retounen sot nan randevou yo. Transpò yo ofri sou baz disponiblite ak kapasite volontè.

Vizite cancer.org/roadtorecovery pou aprann plis.

Hope Lodge® – Asistans Lojman

Kominote ACS Hope lodge bay kote gratis pou rete lè tretman an lwen kay moun ki gen kansè an pou li ka pi byen konsantre l sou amelyorasyon li. Aktyèlman, pwogram Hope Lodge ofri plis pase 1,100 chanm nan 31 kote nan Etazini ak Pòtoriko.

Rele 1-800-227-2345 oswa vizite cancer.org/HopeLodge pou aprann plis sou pwogram Hope Lodge la.

Chèche resous lokal yo

Jwenn resous gratis oswa a pri ki ba nan men lòt òganizasyon lè w vizite cancer.findhelp.com. Pou kòmanse yon rechèch, antre kòd postal ou. Rezilta yo ka ede w antre an kontak avèk asistans finansye, transpò, swen medikal, ak lòt èd gratis oswa a pri redwi.



Lè ou menm oswa yon pwòch bezwen sipò

Antre an kontak ak lòt moun kapab yon sous sipò emosyonèl ak konfò pandan ak apre swen kansè an. Resous ACS sa yo ka ede:

ACS CARES™

ACS CARES (Aksè Kominote ak Resous, Edikasyon, epi Sipò) se yon aplikasyon mobil pou moun ki gen kansè, fanmi yo, ak moun k ap pran swen yo. Li konekte moun yo ak enfòmasyon ki gen rapò ak kansè ki pèsonalize epi sipò endividyèl.

Vizite cancer.org/acscares pou aprann plis sou aplikasyon ACS CARES la.

Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan 1-800-227-2345. Nou la lè w bezwen nou.